Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 25 июль Рузман № 31 (78101) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Баркиял**

## Конституциялъул къогун!

**ХIурматиял районцоял!**

Баркула нужеда Дагъистаналъул Конституциялъул къо!

1994 соналъул 26 июлалда къабул гьабуна Дагъистаналъул Конституция. Гьеб къо нилъер республикаялъул тарихалде ана миллияб байрамлъун.




Республикаялъул Конституция ккола халкъалъул ихтиярал ва эркенлъи цIунулеб аслияб документ. Гьелъ цIияб гьумер рагьана гIемер миллаталъулаб Дагъистаналъул халкъалъул цебетIеялъулъ.

Жакъа улкаялда кколел хиса-басияз нилъее рагьулел руго цIи-цIиял ресал, цере лъолел руго социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе цIиял масъалаби.

РакIчIарав вуго районалъул гIадамазги гьел масъалаби тIуразариялъулъ мустахIикъаб бакI ккелин.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рохел, талихI ва рахIатаб гIумру.

* * *

**ХIурматияв Багьавудин Расулович!**



ТIолго цIумадисезул ва дирго рахъалъан ракI-ракIалъ баркула дуда шапакъат-«Дагъистан Республикаялда цебе гьабураб хъулухъалъухъ» орден.

Гьеб тIадегIанаб шапакъат ккола гIемерсоназулаб ракI-бацIцIадаб дур хIалтIуе ва махщелчилъиялъе кьураб мустахIикъаб къимат.

Гьарула дуе хадубккунги ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби, щулияб сахлъи, рохел, хъизанлъималазулаб талихI! Биччанте гьеб тIадегIанаб шапакъат лъугьине адаб-хIурматалъул, лъаялъул гIаламатлъун ва цIиял бергьенлъабазул мисаллъун!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

* * *



Гьал къояз Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовасул амруялда рекъон, гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ ва жамгIиял ишазулъ лъураб бутIаялъухъ республикаялъул нухмалъулесул Баркалаялъул къагъаталъе мустахIикълъана районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров.

Баркула ГIубайдулада тIадегIанаб шапакъат, гьарула щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру, гьабулелъулъ икъбалгун битIккей.

**Баркигун райгазеталъул коллектив**

**ГIадамал, гIумру ва нухал**

# Кьоги бана, нухалги гIатIид гьаруна

Нухал гIумрудул бидурихьал кколин аби буго нилъер умумузул. Хасго рорхатал мугIрузул росабалъ. Гьел ккола гIумру жиндирго гIаллъаби гьаруна ва нухги лъалаго гIатIилъана.

ГьединговцIигьабун къачIана Хъварщи росулъе рачIунаго батулеб



къануназдалъун чвахулеб тIабигIаталъул хасал рахъал. Амма рикIкIадал бакIаздаги нухаз ва кьояз кIудияб кIвар кьола, къватIисеб дунялалъулгун бухьен чIезабула ва магIишат цебетIеялъе квербакъула. Шагьараздасан гурелги, райцентралдасанги рикIкIад, ай, мугIрузул ракьанлъабазда ругел росабалъ гIумруялъе хIинкъи гьечIого автотранспорт ва гIадамал хьвадизе ярагьунел нухал ва кьоял-дунялалъулгун бухьениланги абулелъулха.

Жакъасеб инсанасе бидурихьалгIанги хIажатал ккола шагьранухалги кьоялги. Гьез рес кьола халкъалъе нухазда квал-квал гьечIого сапар бухьизе, юк баччизе ва, аслияб жо-халкъалъул социалиябгун экономикияб рахъ, бакIалъул магIишат цебетIеязе ва цIиял хIалтIул бакIал рагьизе, ахирал соназ цIакъго жиб машгьурлъараб ва цебетIураб туризмалъул бизнес цебетIезабизе, халкъазул маданиябгун адабияб бечелъи лъазабизе, гьелъул лъикIабщинаб босизе. Сахлъи цIуниялъе бугеб кIвараалъул бицинего ккелищха?! Тарихалъул нугIлъун хутIила молода лъун, шагьранух бугеб бакIалде щвезегIан унтарал раччулеб букIараб мех.

КIвар кьолеб буго районалъул тIалъиялъги бакIалъулаб ва республикаялъулаб кIваралъул росабалъе унел нухал «ХIинкъи гьечIел, тIадегIанаб даражадул шагьранухал» миллияб проекталда рекъон гIадамал ва автотранспорт хьвадизе хIинкъи гьечIеб хIалалда чIезариялде.

Гьеб проекталда рекъон, бетон тIун къачIараб Хъварщи-Хонохъ шагьранухлул рагIаллъаби (обочина) гьарун рукIинчIо. Гьебги хIисабалде босун, КIванадаса техникаги бачун, нухлул ракьоги. Гьанже хIинкъи гьечIо гIумруялъе гьенисан хьвадулел нухлулазеги шоферзабазеги. Кьоялги, нухалго гIадин, ккола кIиго рагIал цоцалъ бухьунел звеноби. Хасго рорхатаб мугIрузул бакIазда ругел кьоял ккола берцинал архитектуриял гIуцIаби гурелги, кIвар бугел инфраструктураялъул объекталги. Кьоял раялъул иш ккола бигьаяб гуреб масъала,



гьелъиеги хIажалъула махщел бугел специалистал ва гьанжесел заманалъул тIалабазул къагIидаби хIалтIизари. Амма нилъер магIарухъ щивав чи вижараб кьоялдаса нахъе махщалилав ккола, институталгун академиял цIалун лъугIичIониги. Гьеб бихьизабуна дагьаб цебе къачIан лъугIараб кьо баялъулъги нухлул рагIаллъаби гьариялъулъги бетIералда росдал бегавул ГIабдулхабир ГIабдулхабировгун гвай гьабун гIахьаллъарал хъварщадерицагун хонохъез. Аллагьас кири кIодо гьабеги гIахьаллъаралщиназе, лъикIалъе, рохалие гурони нухдасан хьвадизеги кьо бахинеги ккогеги. Аминь Аллагь.

Росдал администрациялъул бет1ерас баркала загьир гьабулеб буго нухалъул ва кьоялъул бугеб кIварги бичIчIун, гьезул хIалтIаби рагIалде щвезегIан кумекалъе рахъунчIарал росуцоязе ва, кьо бан лъугIизегIанги нухлул хIалтIаби рагIалде щвезегIанги санагIалъи гьечIолъи сабурго хIехьарал, амма гьел заманалъулал ишал рукIин бичIчIарал кIиябго росдал жамагIаталъеги. Лъаргун ракьалъул хаслъабиги хIисабалде росун, сверухълъиялъе зарал кколаредухъ, щивасул пикруги гIадахъ босун, дандбан гьабураб гьезул хIалтIул хIасилалъе къиматги заманаялъ кьела.

-Нухалъулги кьоялъулги ремонт гьаби, цIигьарун къачIай-гьеб кола гIумрудул даража лъикIлъизаби гуребги, нилъер гъункиги, цолъиги. Гьеб дир иш гурин, иш тIаде кколез гьабеянги абун, нахъегIан къан чIечIого, цадахъ рахъун гьабураб хIалтIиялъ бихьизабуна нилъер лъикIаб мисал цогидазеги ва бичIчIизабуна «кIиго бетIерги ургъун, ункъабго квер хIалтIани» бокьараб захIмалъиялъул масъалаги бигьаго тIубазабулеблъи ва нилъер гIумруги жеги лъикIлъулеблъи,-ян абуна ГIабдулхабир ГIабдулхабировас кьо къачIан лъугIиялъул росдал гьитIинабго мажлисалда баркалалъулаб жиндирго кIалъаялда.

**Хадижат Залимханова**

РацIцIалъи-иманалъул бащалъи

# КIочIалисезул лъикIаб мисал

РацIцIалъи-иманалъул бащалъи. Гьедин абулаан дун гьитIинаб къоялдаса нахъе кIияйго кIодоца азбар-рукъ лъухъизе дида «кIочон» батани. Рукъги цо букIинчIо лъухъизе кколеб, азбарги бащдаб росуги, росдал боцIиги хьвадулеб бакI букIана, диеги чIалгIулеб букIун батилаха къойил гьеб лъухъулеб. «КIоченчIого» кибеха гьеб инеб гьединаб мехалъ?! Амма дицаго абилаан иманалъул аслу кколин рацIцIалъиян. Гьелъие гIиллабги нилъеда сверухъ гIемерал руго…



ХIалтIуде ячIунаго, чвахун рарал цIадаз бачIараб хIаридул цIун батана ГIандигIоралда тIасан лъураб кьо. Кьенгъараса ячIуней цо гIадан дандчIвана гьений. «Гьаб берцинаб, хьил тIураб нухдасан унаго, ракIги лъикIаб лъугьуна, баркала-кириги гIемер кьола халкъалъ гьелъухъ, амма бегьуларогойищха бугеб аскIосан гIебеде ругелгIаги гIададамалги рахьун, гьаб кьо бацIцIизе, берцинаб нухдасан нечараб хIалалда кьо течIого. Пайда щибха, кIочIалисезул гIадинаб иманги гьункиги гьечIелъул кьо бахун унелщиназул»,-ян абуна гьелъ.

«Гьанжеги рагIана гьал кIочIалисезул ясазул,-ян ккана дида ракIалде жидер цIар рехсезе бокьичIел кIочIалисел гIолохъабаз чаналиго нухалъ бицен гьабурал росдал активистал-ясалги ракIалде щун. -Пайда ккеларо кIочIалисезул мисалалъул цогидазеги бицинчIони»,-ян пикруги гьабуна.

Росдал активисткабазул удаман Луиза Расулова йигин бицун букIиндал, пикру ккана гьелъулгун гара-чIвари гьабизе.

**-Луиза, рихьулел руго таманал хиса-басиял ккун рукIин. Бокьилаан бицани, лъица малъараб, лъил пикру бижараб гьаб кинацаго баркала загьир гьабулеб берцинлъи гIуцIизе, гьал субботникал тIоритIизе?**

-Нижер, кIочIалисезул ясазул, гвардиялъха. ГIодорги чIун рукIана кIудияй яц ПатIиматгун ургъулел щибдай гьабун лъикIилан кIал кколеб моцI тIаде щвелалде, гьеб биччаялъул байрам тIобитIилалдеян. Пикру ккаНаха, тIоцебесеб иргаялда, щибаб моцIалъ росдал мажгиталда рацIцIалъи чIезабизе. Гьеб гIадатлъун лъугьана. Хадубго мадугьал Камилла Халидовалъ предложение кьуна больницаялъул кьватI тIугьдуздалъун берцин гьабизе ва къасисеб канлъиялъул чирахъаздалъун гвангъизабизе. Гьеби, АлхIамдулиллагь, кIал биччалеб кьо щвелалде рагIалде бахъана. Баркала гIарцудалъун ва гьел лъеялъул хIалтIаби чIорого гьарияздалъун кумек гьабурал росуцоязе. Нижер буго «КIочIалисезул ясал» абун ватсап-къокъа. Щибаб моцIалъ бакIарула 300-300 гъурущ. Цо-цоккун тIинкIараб къатIраялъин лъел гIеретI цIолебилан абухъего, данде рехидал, нижер хIажалъаби тIуразе гIураб къадар гIарцул бакIарула. Метер-сезе гьаб хIалтIи гьабизе нигат буго, нужер пикру кинаб бугебилан гьикъидал, цокIалго разилъула ясал ва загьир гьарула жиде-жидерги пикраби. Хасго рацIцIалъи чIезабиялъул рахьалъ. Лъарамухъ алда сверухъ субботник тIобитIизе ккелин пикру загьир гьабуна ПатIимат Сиражудиновалъ, кватIичIого кьватIир рахьине руго КIочIали кьодухъан бахьараб больницаялъул сверуде цвезегIан рацIцIалъи гьабизе. Загьра ЖахIбаровалъул предложение букIана ришни-кьул балел ящикал бакI-бакIазда лъезе. Аллагьас хьван батани, я ричун росун, я махх регъолел чагIазухъе босун материал кьунги, гьелги гьаризе ва лъезе руго. Ясли-ахалде унездаса байбихьун малъизе буго лъималаздаги кванараб конфеталъулщин кагъат гIодобе рехичIого, ящикалъубе рехизе кколебльи. СанагIат бугеб бакIалда чIезе руго пихьил ва рохьил гьутIби, тIугьдул. Нухлулазул баркалаги Аллагьасул кириги цIикIкIараб букIина. Лъезе руго гIодор чIезе скамейкабиги.

Пикру букIана лесхозалдехун сверулеб бакIалда чIахIиязе ва лъималазе хIухьбахьиялъе, гьитIинабго буго-ниги, парк гIадинаб бакI базе. Амма гьелъул «зеленка», ай, хважаин ватун, дагьаб нахьтIамизе ккана гьеб суал, цоги ярагьунеб бакI данде ккезегIан. Гьединго пикру букIана больницаялде дандбитIун бугеб гохIда тIад лъураб Аллагь абун хьвараб маххул конструкция къаси-къаси гвангъулеб гьабизе, амма хIинчI-хъумуралъ хьублъизабилин абун, гьеби пикру планазульго хутIана. Больницаялда аскIоб бугеб спортзал къан букIана. Лажбар бахун, чура-бацIцIун гьеби кьачIана, рагьана ва анкьида жаниб цо-кIиго нухалъ волейбол хIазе уна нижер активистал гурели, росуцояли.

Баркала киналго ясазе, цIар-цIарккун рехсечIониги, тIолго кIочIалисезе. ПатIимат ХIажиевалъ абухъего, пенсиялде аниги, ракIалги бахIарал, умумузул мальа-хьваялги коммунист партиялъуlаздасанги лъикI росарал ва рессарал, жакьа гIолилазе насихIатчагIилъунги жал ругел нижер «ГIолохъанаб гвардиялъул» ясазе. Гьеб кколаро цохIо пенсионеркаби гьенир ругилан, гуро. ЩIалдохъабигицин гIахьаллъула нижер тадбиразулъ. Гьабулезе хIалтIи кибго камуларо, гьединго буго нижер къокъадулги иш. Къокьго абуни, жамагIаталъул газа кьурдаги рекIулин абухъего, гьабидал лъугьана хIалтIиги, берцинлъиги. Гьелда гIей гьабун чIезе нигат гьечIо нижер, гьелъул гIаксалда, ГьигьихьехуН сверулеб свериялде цвезегIан лесхозалдаса тIадехунги берцинлъи гьабизе планазда руго.

ТIасияб кIалбиччанкьо щвелалде, Аллагьас хьван батани, лесхозалде цвезегIанги лъезе руго къасисеб канлъиялъул чирахъал-светильникал.



БатIаго баркала кьезе бокьун буго нижер къокъаялъул рахъалдасан росдал бегавул Рамазан ГIабдусаламовасе, щиб кьаригIелгун аскIоре аниги, гьебги тIубан гурони ниж риччаларев, тIоцеве живгоги вахьунчIун, цогидазеги мисал бихьизабулев росдал гваязуль. Гьединго киналго хIалтIаби чIорого, киридухъ, гьарула росуцоязги, щиб гьараниги. Гьединаб рахькквей бугеб мехалъ, кIудияб жойищ нижееги букIинеб росдал сипат берцинго ва бацIцIадго чIезабизе?..

Щивасул гIумруялъе кьимат кьола чIаго вукIадго гьес ракьалда толеб лъалкIалъухъ балагьун. ЧIахIияб гIел ккола нилъер жамгIияталъул гIумруялда жаниб кьиматги кIварги бугеб кьуват. КIочIалисел ясаз жидерго жигарчилъиялъгун гьарачилъиялъ ва гIагараб росдаде бугеб рокьиялъ, ГIицIго Аллагьасул разилъиялде хьулгун буго цогидазеги мисаллъун букIине ва цогидалги хIайранлъуледухъ жидерго росуль гIадлу-низам чIезабулеб.

Зайнаб ГIабдулмуслимовалъ абулеб буго Луизал жигарчилъи букIинчIебани, жидер хIалтIи бащадабгицин букIинарилан. Гьей кколин жидер удаман ва щиб суал гьоркьоб лъуниги, дандбаниги, жиндирго гьабулеб ишги тун, тIоцее яхъулин гьей цогидазе мисал бихьизабизеян.

Росулъ тIобитIулеб кинабгIаги тадбиралда гьезул букIуна жигараб гIахьаллъи. Зама-заманалъ, ай, щибаб «дандельиялдаса» хадуб жидеего хIисабкьеялъулаб ва хадусел планазул бицараб гIодорчIеялда кIвар кьун гIенеккула гIолохъанаб гIел къокъадул активистазул насихIатазухъги, пайдаяв гарачIвариязухъги. Гьеби лъикIаб гIадат буго: гьитIиназул адаб, чIахIиязул хIурмат гьаби. Божула, кIочIалисезул лъикIал ишазул байбихьи цогидазги мисал босун, лъикIаб гIадаталде сверилин абун. РацIцIалъи иманалъул бащалъи кколелъулха.

**Хадижат Залимханова**

# Би кьей-гIумру хвасар гьаби

ХIажатав чиясе би кьей ккола инсанасул гIаданлъи ва рекIел лъикIлъи бихьизабулеб гIаламат. Щибав чи вукIине бе-



гьула донорлъун, гьелъие рихьизарурал шартIазухъги балагьун (унтабазул рахьалъ). Гьеб буго ракIбацIцIадав, намус яхI бугев чияс инсанасул сахлъи цIуниялъе лъолеб кьиматаб бутIа.

Лъазе ккола би кьеялъуль кинабгIаги хIинкьиги, черхалъе кинабгIаги заралги букIунареблъи. Цо донорас



лъабго чиясул гIумру хвасар гьабула. Гьеб ккола цогидазе гIоло гьабулеб бахIарчияб иш.

Гьединаб лъикIаб ишалъе мурадгун сон районалде рачIун рукIана республикаялъул би биччаялъул станциялъул хIалтIухъаби.

Радалго би кьезе рачIаразул къадар цIикIкIараб букIана районалъул больницаялда.

Донораздa гьоркьор рукIана гIадатиял гIадамаздаса байбихьун, районалъул нухмалъиялде щвезегIан донорал.

Гьединал тадбираз бихьизабула халкъалъул жавабчилъи ва гьунки.

-КIудияб баркала кьезе бокьун буго дие киналго доноразе, жидер сахлъиялъул рахьалъ захIматаб хIалалде ккарал гIадамазе жал сахлъиялде хьул лъезабулел, жидерго биги кьун. Донорасул биялъ гIумру хвасар гьабурав лъазелареb чиясул дугIабазулъ рукIина жиндирго биги рекIел бухIиги унтаразе кьезе жакъа рачIарал донорал,-ян абуна доноарзул кьеруль вукIарав районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

-Цониги унтарасе жидер би рекьонеккун, гIумру хвасарлъизеги рес бугин абураб пикруги гьабун, Аллагьасе гIолоян нигатги гьабун, би кьезе рачIиналъухъ дирго рахьалъ баркала загьир гьабула



доноразе,-ян абуна донор Амин МухIамаднабиевасги.

Би кьей ана гIуцIадго.

**ХIаят Дибирова,** донор

# Контейнеразул площадкаби - къануналъул тIалаб

**Араб соналъул октябрь моцIалда Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовас шагьаразулгун районазул бутIрузулгун букIараб иргадулаб данделъиялда киназдаго цебе лъураб аслияб масъала букIана республикаялъул киналго шагьаразда ва районазда жакъасел тIалабазе жаваб кьолел контейнеразул площадкаби гIуцIи. Гьединго тIадкъан букIана контейнерал лъезе бакIал ратизе ва тIадегIанаб даражаялъул контейнерал ричн росун, гьенир лъезе. Гьеб тадбир кколаан республикаялда рищни-къул бакIариялъул масъала тIубаялъул планалъул цо бутIалъун. Дагъистаналъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министерствоялъ чаналиго нухалъ ракIалде щвезабуниги, бихьулеб букIахъе, муниципалитетазда гьеб хIалтIи рагIалде бахъун гьечIо. Гьединго нилъер районалдаги букIинарищха иш.**

**Республикаялдаго гIадин, камулел гьечIо районалдаги рищни-къул бакIариялъулъ ва къватIибе баччиялъулъ гIунгутIаби ккеялъул ва низам-тIалабал хвезариялъул хIужаби. Щибаб анкьалъ машина бачIун, ришни баччаниги, камуларо рошнокъалалги цIун, сверухъа-сверухъ бакIарараб ришни гьабзазгун кутуз бакI-бакIазде цIа-цIаялъ сверухълъиго махIцизабурал къоялги. Гьеб мехалъ ракIалде щола С.Меликовасул «Гьединал контейнеразда аскIор минабахъ рагьарал гордалгун ругел гIадамаз щиб хIухьел цIазе кколеб? Баркалайищ нужее кьезе бугеб халкъалъ гьелъухъ?»-абураб суалги. Гьеб рахъалъ суал тIубазе, ай, контейнерал лъезе ракьул участокал балагьун, гьезие «зеленкаби» гьариялъе болжал кьун букIана республикаялъул бетIерас доб мехалъ гьаб соналъул февралалъул ахиралде щвезегIан, ва амма, пайда щибха, добго хурив довго Муса вуго жакъаги.**

**Нилъер районалдаги гьедин букIин бихьана араб анкьалъ райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда районалъул ЖККХялъул инженер АхIмад МухIамадовасул хIисабкьеялдасанги. Гьеб рахъалъ дагьабго мухIканлъи гьабеян гьарана АхIмадида.**



**-АхIмад, бокьилаан дагьаб гIатIидго бицине контейнеразул площадкаби рагьиялъул суал щибаб росу-администрация ккун кин бугебали.**

-Цогидал районазде гуребги, цо-цо шагьараздегицин дандеккун абизе бегьула нилъер районалда гьеб рахъалъ суал дагьаб лъикI бугин абун. Районалъе хIажалъулеб буго кIикъоялда анцIго площадка. Гьездаса анцIила цо площадка хIажатал тIолго документалги гьарун, къачIан, гIуцIун, хIалтIулеб буго. Гьел ккола Агъвали бугеб щуго площадка, хIалтIулеб буго гьабсагIат ункъояб ва, школаздагун лъималазул ахалда аскIор КIванада, ТIисси, ТIинди, Гьигьалъ росабалъгун Гьакъо ва Метрада гIорхъаби цIунулезул заставаялда къачIарал площадкаби. Гьезие гьарун руго документалги.

ЦIигIуцIараб буго жеги анцIила микьго участок площадкаялъе. Санкьада, КIванкьада, Инхокъвари, Кьенгьара ва Хуштада росабалъ ругел участоказул документал хIадур руго, жалго площадкаби хIадур гьечIо. Сильди, Гъоркьгъаквари ва ЦIедакь бугеб щуго участок кадастралъулаб учеталда лъун буго, амма хъвай-хъвагIай жеги лъугIун гьечIо, жалго площадкабиги хIадурун гьечIо контейнерал лъезе. Эчеда, КIочIали, Лъондода, КIванада ва Гьимерсо бугеб анкьго площадкаялъе участокал ратун руго. Гьезие документал хIадуриялда тIад хIалтIулел руго ниж гьабсагIат. Кинабниги гьаб соналъ биччан буго цо миллион гъурущ гьел площадкабазул хIалтIаби рукIкIалиде ккезаризе. ХутIун буго къоло цо площадкаялъе ракь балагьизе. Гьебги гIемер халатбахъиларин ккола. Районалъул бетIер Шамил ГIумаровасги гьелде къойилаб бербалагьи гьабулеб буго, цониги данделъи унаро гьеб суал борхичIеб.

**-Кин бугеб контейнеразул рахъалъ суал? ГIураб къадаралда ругищ гьел?**

ГьабсагIат районалда буго лъабкъоялда анцIила лъабго рошнокъали. Гьеб цIакъ дагь буго, тIадеги хIажалъулеб буго нусиялда кIикъоялда анцIго контейнер. Росабазул бегавулзабигун нижеца гьоркьор лъуна контейнеразе ва площадкабазе хъулухъ гьабиялъул, гьезда сверухъ рацIцIалъи чIезабиялъул суалал. ЛъикI ккараб иш буго гIемерисез ришни-къул жидерго пастIабахъ, азбаразда гвендалги рухъун, гьениб бухIулеб букIинги. Абухъего, бухIизе бегьулебщинаб, цIа рекIунебщинаб. Гьелъги квербакъула рацIцIалъи чIезабиялъеги, контейнеразе дагьабго «бигьалъи» ккезеги. Контейнерал лъезе площадкаби гIуцIиялъул суал буго районалъул бетIерасул къалмиде росаразул цояб. Республикаялъул нухмалъулесги тIадчIей гьабулеб бугелъул контейнеразул площадкаби гIуцIи муниципалитетазул иш букIиналда ва гьелда бараб букIиналда регионалда бугеб экологиялъулаб ахIвал-хIалги. Контейнеразул площадкаби-къануналъул тIалаб ккола. Гьеб тIубазе нилъеда тIадабги буго.

Баркала кьезе бокьун буго нилъеда сверухъ рацIцIалъи чIезабиялда тIад хIалтIулел росабазул администрациязул бутIрузеги. Гьезда бичIчIулеб буго рацIцIалъи лъухьараб бакIалда гуреб, хъублъи гьабулареб бакIалда букIунеблъи ва гьеб иманалъул бащалъи кколеблъи. Гьеб ккола гIадамаз жидецаго гIумру гьабулеб бакIалъул ургъел гьабиялъул мисал. РакIалде ккола хадубккунги хIалтIи берцинго цебехун инин ва щивас жинда тIадал ишал тIуралин. Цадахъаб хIаракаталдалъун гурони нилъер район бацIцIад гьабизе ва чIезабизе кIоларелъул.

**Хадижат Залимханова**

## Уголок поэзии

# Не судьба



Она, наверное, где-то бродит
И уповает на судьбу.
Домой другой её проводит,
А я всю жизнь её ищу.

Её я помню: озорную…
В глазах любовь, душа горит.
И полюбил её такую,
Всё это просто не забыть.

Она, как буд-то заводная,
Собой чертовски хороша.
Она моя, она родная…
Но поздно понял я тогда.

Воспоминания былого…
Витаю где-то в облаках,
И принимаю я с годами
Тоску и грусть в своих глазах

Казалось мне в тот летний вечер,
Что нет прекраснее тебя.
Одну тебя, что буду вечно
Беречь с любовью навсегда

Но мы расстались, понимая,
Должны мы встретиться опять.
Судьба-разлучница такая
Нас развела, не дав понять…

Нас развела. И мы остались
На разных берегах реки.
Не переплыть нам эту реку
И до тебя мне не дойти.

# Спасибо всем друзьям

Случайных встреч в сей жизни не бывает,
Всевышний шлет лишь нужных нам людей.
Порой, возможно, кто-то огорчает,
А кто-то дарит радость и покой.

Другой, бывает, бескорыстно любит
И искренне ревнует вас к другим.
И коль судьба в пути порой заблудит,
Он станет маяком везде твоим.

А кто-то просто жизни тебя учит,
И путь подскажет, чтобы не срулил.
Он как мираж: то рядом, то уходит
И не даёт, чтоб ты себя сгубил.

Спасибо всем друзьям моим желанным
За то, что в жизни были у меня.
Спасибо и попутчикам случайным,
Ведь жизнь она как длинная река.

Случайности бывают не случайно,
Их создаёт Всевышний потому,
Чтоб не попали мы впросак нечаянно,
Чтоб знали мы и верили в судьбу.

## Время ни на миг не остановишь

За любовь, за искренность и правду
Благодарен вечно я друзьям.
Пусть воздаст Всевышний всем в награду
Радость и веселье пополам.

Пусть цветут тюльпаны, чередуясь
С розами, царицами цветов.
Чтобы мы, красою сей любуясь,
Позабыли горечь горьких слов.

Время-измерение всей жизни,
Это-годы, месяцы и дни.
Вы цените каждую секунду-
Нет же нам обратного пути.

Время ни на миг не остановишь-
Думаешь, читаешь иль сидишь.
Даже если где-то отдыхаешь,
Ты за ним никак не уследишь.

Наслаждайтесь этим вот мгновеньем,
Улыбайтесь, ближнего любя.
И считайте это всё везением-
Миг удачи ведь, не всем он дан…

# Мадам, простите вы меня...

Мадам, простите вы меня
За то, что был я не тактичен.
Поверьте, есть моя вина…
Ведь миг удачи-он не вечен.

Не вечна в жизни и весна,
И лето мигом пролетает.
И вот, когда видна зима,
Нас ожидания терзают.

Теряем мы слова любви,
Порой поступки забываем.
Я так давно молю судьбу…
Наверное, все так ожидают.

Любви взаимной не прошу,
Пускай душа моя страдает.
Мадам, я очень вас люблю!
И пусть на свете все узнают.

**Магомедхабиб Саадуев,** село Саситли

АДМИНИСТРАЦИЯ
муниципального района «Цумадинский район»

## Распоряжение №43-р

от 24 июля 2025 г.

**О проведении Всероссийских соревнований по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакаровича Абакарова**

В целях организации и проведения Всероссийских соревнований по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакаровича Абакарова, популяризации вольной борьбы и укрепление дружбы между спортсменами различных регионов страны, администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.С 26 по 28 августа 2025 года в г. Махачкала провести всероссийские соревнования по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакаровича Абакарова.

2.Для проведения Всероссийских соревнований утвердить организационный комитет.

3.Утвердить положение о проведении Всероссийских соревнований по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакаровича Абакарова.

4.Оргкомитету подготовить и утвердить смету Всероссийских соревнований по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакаровича Абакарова.

5.Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады».

6.Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

# ПОЛОЖЕНИЕ

**О проведении Всероссийских соревнований по вольной борьбе среди мужчин памяти Героя Советского Союза Абакарова Кади Абакаровича**

**1.Цели соревнований**

-популяризация и развитие спортивной борьбы в России;
-патриотическое воспитание молодежи;
-выполнение и подтверждение спортивных разрядов и званий (ЕВС);
-пропаганда ЗОЖ среди молодежи;
-повышение спортивного мастерства;
-укрепление дружбы и взаимопонимания между спортсменами регионов России.

**2.Руководство проведением турнира**

Общее руководство проведением турнира осуществляет оргкомитет, АМР «Цумадинский район» и Федерация спортивной борьбы Дагестана. Непосредственное проведение соревновании возлагается на главную судейскую коллегию, утвержденной Федерацией спортивной борьбы России.

**3.Место и сроки проведения**

Турнир проводится в волейбольном центре г. Махачкала по ул. Магомеда Ярагского, 98/3 с 26 по 28 августа 2025 года в следующих весовых категориях: 57, 61, 65, 70, 74, 79, 86, 92, 97, 125 кг (с провесом до 2 кг).

**4.Участники**

Спортсмены 2007 г.р. и старше.

**5.Условия проведения соревнований**

Для участия в соревнованиях каждый участник предъявляет паспорт и лицензию, полис страхования жизни и здоровья и регистрация на **bd.wrestrus.ru.**

К участию в соревнованиях допускаются спортсмены, имеющие спортивную подготовку не ниже КМС. Спортсмены, занявшие 1 места на соревнованиях, выполняют норматив «Мастер спорта России». От одной организации принимают участие не более 10 участников, 1 тренер и 1 представитель.

**6.Программа соревнований**

**25 августа (день приезда)**
14:00-15:00 - работа мандатной комиссии
15:00-16:00 - совещание судей, тренеров и представителей
16:00-17:00 - жеребьёвка

**26 августа**
08:00-08:30 - медосмотр и взвешивание (57, 65, 74, 86, 97 кг)
11:00-19:00 - предварительные и полуфинальные схватки

**27 августа**
07:45-08:00 - повторное взвешивание (57, 65, 74, 86, 97 кг)
08:00-08:30 - медосмотр и взвешивание (61, 70, 79, 92, 125 кг)
11:00-13:00 - утешительные поединки (57, 65, 74, 86, 97 кг)
11:00-17:00 - предварительные и полуфинальные (61, 70, 79, 92, 125 кг)
17:00-17:45 - торжественное открытие
18:00-20:00 - финалы и награждение (57, 65, 74, 86, 97 кг)

**28 августа**
08:00-08:30 - повторное взвешивание (61, 70, 79, 92, 125 кг)
11:00-14:00 - утешительные схватки
14:00-15:30 - финалы и награждение

Возможны изменения в программе соревнований!

**7.Награждения**

За 1 место - 15 000 (пятнадцать тысяч) рублей.
За 2 место -10 000 (десять тысяч) рублей.
За 3 место - 5 000 (пять тысяч) рублей.
Тренеру победителя - 5 000 (пять тысяч) рублей.
Победители и призёры награждаются медалями и грамотами.

**8.Заявок**

Все участники должны подать заявку на соревнования через официальный сайт **bd.wrestrus.ru.** Предварительные заявки принимаются до 20 августа 2025 года. Телефон: +7 (928) 572-45-98

Официальные заявки по форме ФСБР предоставляются в мандатную комиссию при заселении: оригинал удостоверения личности, медсправка с печатями, страховой полис жизни и здоровья.

Без оформленной заявки команда к участию не допускается!

**9.Контакты**

Ответственный-Далгат Абдулбасиров, тел. +7 (932) 621-27-07

# Цумадинская футбольная лига - 2025

## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Тисси | 8 | 8 | 0 | 0 | 50-15 | 35 | 24 |
| 2 | Нижнее-Гаквари | 8 | 7 | 0 | 1 | 36-15 | 21 | 21 |
| 3 | Хуштада | 8 | 6 | 1 | 1 | 40-23 | 17 | 19 |
| 4 | Эчеда | 8 | 5 | 0 | 3 | 49-36 | 13 | 15 |
| 5 | Кеди | 8 | 5 | 0 | 3 | 37-26 | 11 | 15 |
| 6 | Тисси-Ахитли | 8 | 4 | 2 | 2 | 24-15 | 9 | 14 |
| 7 | Гигатли-Урух | 8 | 4 | 2 | 2 | 30-27 | 3 | 14 |
| 8 | Верхнее-Гаквари | 8 | 4 | 2 | 2 | 31-20 | 11 | 14 |
| 9 | Ричаганих | 8 | 4 | 1 | 3 | 37-24 | 13 | 13 |
| 10 | Маштихи | 8 | 2 | 1 | 5 | 33-44 | -11 | 7 |
| 11 | Нижнее Гаквари (молодежь) | 8 | 2 | 1 | 5 | 36-54 | -18 | 7 |
| 12 | Гадири | 8 | 2 | 1 | 5 | 23-25 | -2 | 7 |
| 13 | Кочали | 8 | 2 | 0 | 6 | 26-40 | -14 | 6 |
| 14 | Гачитли | 8 | 1 | 1 | 6 | 22-52 | -30 | 4 |
| 15 | Тинди | 8 | 1 | 0 | 7 | 23-45 | -22 | 3 |
| 16 | Эгдада | 8 | 1 | 0 | 7 | 23-59 | -36 | 3 |

## Результаты 8 тура

| **19 июля 2025, суббота** | | |
|---|---|---|
| 14:00 | | |
| Гачитли | 0 : **8** | |
| доп. | Ричаганих | |
| 15:00 | | |
| Эгдада | 3 : **12** | |
| доп. | Хуштада | |
| 16:00 | | |
| Верхнее-Гаквари | **6** : 2 | |
| доп. | Кочали | |
| 17:00 | | |
| Нижнее-Гаквари | **3** : 0 | |
| доп. | Тинди | |
| 18:00 | | |
| Кеди | **7** : 4 | |
| доп. | Нижнее Гаквари (молодежь) | |
| 19:00 | | |
| Гигатли-Урух | **6** : 2 | |
| доп. | Маштихи | |
| 20:00 | | |
| Тисси-Ахитли | 3 : **4** | Тисси |
| Колих Арена | | |
| Гадири | **6** : 5 | |
| доп. | Эчеда | |

# Огь, пенсия, пенсия…

Баракатаб хIалалаб
ХIажатаб дир пенсия,
ХIарамаб рас жубачIеб
Жиндир заманалъ щолеб-!

Банкаялъуб цIунулеб,
Цогьаца чан гьабулеб
Чанги мискинав пакъир
Пал тIамизе тIамураб-!

ХIилла-макру цIикIкIараз,
ЦIикIкIун тIалаб гьабулеб,
ТIалаб-агьаз гьечIезе,
ТIинкIулареб пенсия…

ЗагIипазе-загIипаб,
Залимасе-залимаб,
Закат-сахI бахъулареб,
Баркат-рахIмат цIикIкIараб-!

Абадияб рукъалъе,
Нахъарукъги пенсия.
Лъималазе магарич,
Мискиназе садакъа-!

Бицатаб габуралъул,
Гавур вуго инвалид-!?
Гургинаб лагаялъул
Лодир йиго инвалид…

**ГIабдула Зубаиров,** Хуштада росу

**Утерянный аттестат о среднем образовании серии 05АА за №0016564, выданный Нижнегакваринской средней школой Цумадинского района 25.06.2007 года на имя Абдулмажидова Тимура Ахмедовича, считать недействительным.**

* * *

**Утерянный аттестат о среднем образовании за №115542, выданный Кванадинской средней школой Цумадинского района в июне 1991 года на имя Гасановой Наиды Мусаевны, считать недействительным.**

**БетIерав редакторасул бак1алда Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697) Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 925 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие) Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола. Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**